

Tretman akselere pou patnè a (Expedited Partner Therapy, EPT) pou klamidya:

Yon gid pou patnè ki te resevwa azitwomisin



Poukisa mwen resevwa preskripsyon oswa medikaman sa a?

Doktè dekouvri youn nan patnè seksyèl ou yo gen klamidya, yon enfeksyon ki pwopaje lè moun ap fè sèks nan bouch, nan dèyè oswa nan vajen. Yon pwofesyonèl swen sante bay patnè seksyèl ou a yon preskripsyon oswa medikaman pou li ba ou pou w ka trete klamidya. Epi tou, ou bezwen swiv tretman pou w pa gen gwo pwoblèm sante, pou pa reyenfekte patnè seksyèl ou a (yo) oswa pou pa bay lòt moun enfeksyon an.



Kisa klamidya ye?

Klamidya se yon enfeksyon moun pran nan fè sèks (sexually transmitted infection, STI) epi ki pwopaje lè moun ap fè sèks nan bouch, nan dèyè oswa nan vajen. Moun ki gen klamidya pa santi okenn sentòm jeneralman. Si yon moun santi sentòm, se kapab doulè oswa blad pipi ki brile lè l ap pipi, ak pij oswa likid k ap soti nan peni, nan vajen oswa nan dèyè l. Ou ka bay lòt moun klamidya menm si w pa santi okenn sentòm.



Kisa medikaman sa a ye?

Medikaman an se yon antibyotik ki rele azitwomisin. L ap trete enfeksyon klamidya w la men li p ap trete lòt STI yo. Li san danje epi prèske efikas a 100% lè ou pran l jan ou dwe pran l.

Pinga w pran azitwomisin si w gen **nepòt** nan bagay sa yo:

- Ou gen doulè anba ti vant, kranp, likid ou pa abitye gen k ap soti nan vajen w ak move odè, ou gen doulè oswa w ap bay san lè w ap fè sèks, oswa ou bay san lè ou pa gen règ.
- Ou gen kè plen, lafyè, doulè nan testikil oswa ou gen sansasyon blad pipi ou brile w lè w ap pipi.
- Ou alèji ak nepòt antibyotik oswa yo konn gen move reyaksyon sou ou, ou konn gen gratèl oswa alèji lè w pran nepòt antibyotik, tankou azitwomisin (Zithromax), eritwomisin oswa klaritwomisin (Biaxin).
- Ou gen pwoblèm sante grav, depi lontan tankou maladi ren, maladi kè oswa maladi nan fwa; ou konn gen kriz; oswa w ap pran antikowagilan.

Si w gen nepòt nan pwoblèm sa yo, ou dwe al wè yon pwofesyonèl swen sante oswa ale nan yon klinik pi vit posib pou yo ka ba w lòt medikaman ki trete klamidya.



Poukisa mwen dwe pran medikaman sa a?

Si klamidya a pa trete, li ka lakòz gwo pwoblèm sante tankou:

- Enfètilite — lè moun pa kapab fè pitit
- Gwosès ektopik — lè fi a gen yon timoun k ap fòme deyò matris li, se yon sityasyon ki ka mete lavi l an danje
- Enfeksyon nan testikil, sa a lakòz doulè ak fyè
- Maladi basen anfle (Pelvic inflammatory disease, PID) - Se yon maladi ki afekte matris la, twonp falòp yo ak ovè yo e ki bay gwo doulè



Kòman mwen dwe pran medikaman sa a?

- Pran medikaman an nan bouch. Pa pataje l ak lòt moun. Ou bezwen pran tout tretman an nèt pou l ka mache.
- Pran li avèk oswa san manje. Lè ou pran li ak manje, sa a ka ede w anpeche vant fè mal.
- Pran li omwen (2) dezèdtan anvan oswa (4) katrèdtan apre ou fin pran anti-asid ki gen idwoksid aliminyòm oswa idwoksid mayezyòm (pa egzanp Mylanta oswa Maalox).



Kisa m dwe fè apre m fin pran medikaman sa a?

- Pa fè sèks nan bouch, nan dèyè oswa nan vajen pandan omwens sèt (7) jou apre ou menm ak patnè seksyèl ou a (yo) fin trete. Medikaman an pran sèt (7) jou pou l bay rezilta.
- Al wè yon pwofesyonèl swen sante oswa yon klinik pou fè tès pou lòt STI yo, tankou VIH. Li enpòtan pou fè tès pou lòt STI yo paske se klamidya a sèlman dòz medikaman sa a ap trete.



E si mwen pa panse m gen klamidya?

Ou kapab gen klamidya menm si w santi w an sante epi ou pa santi okenn sentòm. Ou kapab fè tès pou konnen si w gen klamidya. Men, ou dwe toujou pran medikaman an kounya.



E si mwen ansent oswa mwen panse mwen petèt ansent?

Azitwomisin se yon medikaman ki san danje pou moun ansent epi li ka ede w anpeche tibebe a enfekte pandan gwosès la ak pandan akouchman an. Ou dwe al wè yon pwofesyonèl swen sante tou oswa ale nan yon klinik pi vit posib epi di yo ou te nan tretman pou klamidya paske patnè seksyèl ou a te genyen l. Ou dwe mande yo fè tès pou ou pou lòt STI yo tou paske ou ka bay tibebe w la kèk lòt STI.



Èske medikaman sa a gen efè segondè?

- Li kapab. Si w santi efè segondè, se kapab dyare, kè plen, vant fè mal, tèt fè mal ak vomisman. Sentòm sa yo kouran epi yo pa reprezante danje.
- Si w vomi nan (1) inèdtan apre ou fin pran azitwomisin lan, w ap bezwen pran yon lòt dòz paske medikaman an gendwa pa fè efè. Pou w jwenn plis medikaman, rele nan nimewo telefòn ki sou preskripsyon an, oswa ale nan yon klinik oswa al wè yon pwofesyonèl swen sante.
- Malgre yo ra, gen kèk moun azitwomisin fè reyaksyon alèjik grav sou yo. Reyaksyon sa yo ka lakòz pwoblèm respirasyon, kontraksyon pwatrin, gòj bouche, anflamasyon po bouch oswa lang, ak itikè (bontou sou po ki grate). Si w gen nenpòt nan reyaksyon sa yo apre w fin pran medikaman sa a, rele nan **911** tousuit oswa ale nan sèvis ijans ki pi pre w la.



E si mwen pa ka peye medikaman an?

Ale nan yon Klinik Sante Seksyèl ki nan Vil Nouyòk epi di yo patnè seksyèl ou a (yo) gen klamidya. Pou w jwenn yon klinik, rele nan **311** oswa ale sou nyc.gov/health/clinics.



Kijan mwen ka fè prevansyon kont STI yo?

Lè w toujou sèvi ak kapòt epi lè w sèvi ak li jan w dwe fè sa a lè w ap fè sèks se pi bon fason pou fè prevansyon kont STI yo.